



Pou Piblikasyon Imedya: 05/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO FONKSYON TELEFÒN ENTELIJAN  
"TACKLE BOX" POU AMELYORE AKTIVITE TOURISTIK KI GEN RAPÒ AK  
LAPÈCH NAN ETA NEW YORK**

***Ogmantasyon nan aplikasyon HUNTFISHNY an fè lapèch nan Eta New York vin pi  
fasil epi pi agreyab***

***Aksè mobil san parèy ak règleman lapèch yo, enfòmasyon sou mas dlo,  
idantifikasyon espès, estòk, ak anpil lòt ankò***

***Aplikasyon an konplete efò ki egziste deja pou senplifye lapèch ak atire plis  
pechè nan destinasyon lapèch renome New York la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo fonksyon telefòn mobil 'Tackle Box' (Bwat Lapèch) pou amelyore aktivite touristik ki gen rapò ak lapèch nan rann li pi fasil pou nouvo pechè ak sila yo ki gen eksperyans yo pou jwi gwo lapèch yo ofri nan tout New York. Nouvo fonksyon Tackle Box la baze sou aplikasyon telefòn entelijan HuntFishNY Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta a pou bay yon kote inik pou prèske tout règleman lapèch, mas dlo Eta a, sit aksè ak lapèch Eta a opere, enfòmasyon sou stokaj, ak lòt karakteristik itil tankou foto pou ede idantifye pwason ke yo gendwa jwenn nan kèk rivyè, lak, oswa kouran dlo.

"New York se yon destinasyon lapèch klas mondyal ki ofri yon pakèt opòtinite pou debake yon gadyen pami yon gwo lis espès jwèt presye", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Piblikasyon fonksyon inik Tackle Box la pral rann lapèch menm pi aksesib pou rezidan nou yo ak vizitè nou yo ki gen tout nivo eksperyans, sa ki pral ba yo yon kote inik pou jwenn tout enfòmasyon sou lapèch. Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo sèvi ak karakteristik sa a epi ale nan dlo jodi a pou pwofite gwo lapèch eta nou an genyen pou li ofri."

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la (DEC) te dirije kreyasyon entèfas ki baze sou kat jewografik Tackle Box la pou montre enfòmasyon sou lapèch. Kontrèman ak nenpòt lòt òf telefòn pou mobil lapèch kounye a pou Eta New York, Tackle Box pèmèt itilizatè yo chèche mas dlo yo pa non oswa pa panoramik ak zoom. Yo ka klike sou dlo ki an ke yo soulinye yo, yo bay enfòmasyon sou règleman espesyal sou lapèch,

estokaj pwason, ak sit aksè bato/lapèch ki posede pa DEC, Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) Eta a, New York State Canal Corporation, ak Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal Vil New York (New York City Department of Environmental Protection). Anplis de sa, nouvo karakteristik 'navigasyon' an bay itilizatè yo direksyon pou ale nan sit aksè ak bato selon chwa pa yo. Tackle Box la gen ladan tou yon fonksyon ki mache andeyò entènèt ki pèmèt pechè yo sèvi ak li lè sèvis selilè yo pa disponib.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare,** "Fonksyon Tackle Box yo pèmèt pechè yo jwenn enfòmasyon enpòtan fasilman atravè konfò telefòn entelijan yo, avèk oswa san yon koneksyon entènèt. Règleman lapèch yo, sit aksè ak lapèch yo, enfòmasyon estokaj, ak anpil bagay ankò yo tout disponib, swa alavole oswa nan telechaje enfòmasyon yo. Tackle Box se yon lòt bèl egzanp angajman New York pou rann lapèch pi fasil pou tout moun jwi."

**Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare,** "Pèchè yo atravè mond lan konsidere Eta New York kòm yon premye destinasyon lapèch. Nouvo fonksyon Tackle Box la pral ankouraje plis moun ki renmen lapèch vin fè pati tout sa ki gen pou jwi nan New York, soti nan peyizaj espektakilè rive nan lojman envite ak eksperyans manje ak bwason klas mondyal. I LOVE NY espere mete aksan sou Tackle Box la nan efò pwomosyon aktivite touristik li yo pou rezidan yo ansanm ak vizitè yo k ap planifye yon pòtay Empire State."

**Stephanie West Vataro, Vis Prezidan Prensipal pou Maketing ak Kominikasyon ak Recreational Boating and Fishing Foundation (Fondasyon Bato ak Lapèch Lwazi), te deklare,** "Youn nan rezon prensipal ki fè moun pa fè lapèch se paske yo pa konnen ki kote pou yo ale. Nouvo fonksyon 'Tackle Box' nan aplikasyon HuntFishNY la ede gide moun yo nan zòn lapèch lokal yo epi konekte yo ak règleman ak enfòmasyon sou espès pwason yo pou ede fè planifikasyon vwayaj yo pi fasil epi pi lis."

**Todd Ceisner, Editè *In-Fisherman Magazine*, te deklare,** "Pèchè yo atravè New York kounye a gen yon zouti premye plan pou fè rechèch ak planifye pwochen vwayaj lapèch yo, kit nan yon lak, yon rivyè, yon riso oswa yon etan. Nouvo fonksyon Tackle Box nan aplikasyon HuntFishNY la ekstrèmman fasil pou itilize epi li pral yon zouti itil pou nouvo pechè, novis yo ak pechè ki gen eksperyans yo."

**Larry Charette, Prezidan Konsèy Trout Unlimited Eta New York la, te deklare,** "Nouvo Tackle Box DEC la se yon faktè ki chanje jwèt lapèch lwazi a. Nouvo fonksyon an bay yon pakèt enfòmasyon sou lapèch sible sou dlo New York yo, epi li mete aksan sou aksè piblik rich nan lapèch New York la. Trout Unlimited kontan pou prezante nouvo zouti sa a bay 8,000 manm nou yo nan New York."

**Scott Locorini, New York State Outdoor Guides Association (Asosyasyon Gid pou Aktivite Deyò Eta New York) la, te deklare,** "Mwen panse nouvo aplikasyon Tackle Box la enkwayab! Non sèlman li pral itil pou gid Eta New York lè y ap chèche

nouvo dlo, men mwen kwè tou li pral benefisye tout pechè yo nan New York. Mwen vrèman renmen kapasite pou yo sèvi ak li andeyò entènèt paske anpil nan kote mwen ale yo pa gen sèvis telefòn."

**Dawn L. Borchert, Direktè Aktivite Touristik nan Orleans County Tourism, te deklare,** "Devlopman nouvo fonksyon Tackle Box DEC la nan aplikasyon HuntFishNY la pral amelyore ak edike eksperyans pechè nou yo lè y ap vizite Lake Ontario, rivyè afliyan yo, oswa lòt mas dlo yo te jwenn nan Konte Orleans. Aplikasyon sa a pral pèmèt pechè yo dekouvri lòt zòn lapèch klas mondyal yo ke yo ta ka pa te okouran de yo anvan, lè yo sèvi avèk zouti yo tankou règleman yo, estokaj, espès pwason, tout sa yo jwenn nan telefòn yo. Anfen, aplikasyon an pral pèmèt pechè yo pwolonje sejou yo nan Eta New York pandan y ap fè lapèch!"

Aplikasyon HuntFishNY la bay aksè mobil enstantane ak lisans, privilèj ak pèmi espòtif yon kliyan, ansanm ak kapasite pou rapòte rekòlt jwèt yo imedyatman pandan yo sou teren an. Aplikasyon HuntFishNY an, ki gen ladann Tackle Box la, gratis epi li disponib atravè platfòm magazen Apple App (iOS) ak Google Play (Android) pou nenpòt moun ka telechaje sou tablèt yo oswa sou telefòn entelijan yo. Pou jwenn aksè ak HuntFishNY la ak nouvo fonksyon Tackle Box la, itilizatè yo pral bezwen kreye yon kont [DECALS](#) men yo pa bezwen gen lisans lapèch oswa lachas.

Pou gade yon videyo ansèyman sou fason pou jwenn aksè ak Tackle Box nan aplikasyon HuntFishNY an, ale nan [youtu.be/G7yQehsjH-g](https://youtu.be/G7yQehsjH-g). Pou yon demonstrasyon tou kout sou fonksyon Tackle Box la, ale nan [youtu.be/85jtYE8pBag](https://youtu.be/85jtYE8pBag). Pou plis enfòmasyon sou aplikasyon [HuntFishNY](#) lan ak nouvo fonksyon Tackle Box la, vizite sitwèb DEC la nan [dec.ny.gov/outdoor/96470.html](https://dec.ny.gov/outdoor/96470.html). Pou asistans teknik ak aplikasyon an, itilizatè yo ka rele liy asistans DECALS la nan 866-933-2257. Pou kesyon espesifik sou lapèch, itilizatè yo ka voye mesaj imèl nan [fwfish@dec.ny.gov](mailto:fwfish@dec.ny.gov).

New York gen plizyè douzèn mas dlo ki toujou klase pami pi bon destinasyon pou lapèch nan peyi a. An 2021, New York te gen sis pozisyon nan 25 pi gwo lak bas *Bassmaster Magazine* lan nan Nòdès la. Sa a enkli ([Thousand Islands](#) No. 1) nan Rivyè St. Lawrence, [Lake Erie](#) (No. 3), Lake Champlain (No. 4), Cayuga Lake (No. 11), [Oneida Lake](#) (No. 18), ak [Chautauqua Lake](#) (No. 25). Lapèch twit ekselan tou atire vizitè ki soti toupatou nan peyi a nan kote ki renome yo tankou Ninemile Creek, ak Ausable, Esopus, Delaware, Beaverkill, ak rivyè Upper Genesee, pami anpil lòt atravè Eta a. Lapèch somon nan Salmon River ak nan tout Lake Ontario kontinye eksele epi yon popilasyon rekò dore jòn nan Oneida Lake, ansanm ak yon popilasyon solid nan Lake Erie kontinye ap eksite pechè yo. Pechè New York yo kontribye yon montan ki estime a 2.1 milya dola nan ekonomi an, sa ki sipòte travay epi ogmante revni fiskal eta ak lokal yo

Tout pechè New York yo, rezidan oswa vizitè, gen yon wòl pou jwe nan pwoteje dlo eta a yo kont espès anvayisan yo. DEC raple tout moun pou netwaye, drene, seche bato ak trelè yo, epi dezenfekte ekipman lapèch yo anvan yo rekreye nan dlo New York yo pou anpeche pwopagasyon espès akwatik anvayisan (aquatic invasive species, AIS)

yo. Vizite sitwèb DEC la pou jwenn [plis konsèy sou fason pou netwaye, drene, epi seche moto maren yo, ekipman lapèch, ak lòt ekipman](#) epi pou jwenn plis [enfòmasyon sou pwogram jesyon enspeksyon anbakasyon New York la](#).

###

Lòt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418